

KATRIWAL

wis kaḍung kadlarung
 nyasak nyusup angkering urip lan panguripan
 surem, nggameng
 kinemulan kandeling peḍut beḍiding.
 tansaya nglangut
 playuning jangkah-jangkah kélangan angkah
 anḍeng-anḍeng ṭunteng, mrajak ngrenggani ayu pulasan.
 kabèh alok geting, — parandéné malah kasanding
 kabèh paḍa nampik, — éwadéné sangsaya adreng anggoné nglirik
 hem, samono gelar èsem-èsem ing satengahing margo.
 lan nalika klorob ing jurang palimengan
 nglumpruk konkatan daya,
 nggremet, keket rinuket
 kumlawé, awé-awé
 lurus pangentasan.
 cuwa
 muspra.
 mripat luwé jlalatan, bali nglentrih
 perih
 ati ngorong ngrutug panglocita:
 — kanggo apa, aku lan kowé kudu lair???
 — jer mung paḍa buḍal, kanggo katriwal.
 ah, nanging. . . .
 ing pantog pepesing jangka
 ing ḍasar jurang palimengan iki
 isih tinemu
 sumilir angeting katresnan jati
 kumriwik etuking karahayon langgeng
 ceṭa, kumlawé astaNE
 — ngentas kang lagi papa
 — ngluwari panandang
 — mbirat jejember
 — mbirat jejember.
 lan kang ditemu mau
 aku lan sliramu
 aku lan sliramu kang wis kadunungan ati pasrah.

M. Tajib Moerjanto

(in: Jaya Baya no. 5, September 1974).